

KONSÈY SEKIRITE

- Memorize nimewo imigrasyon w lan (A number).
- Evite vizite prizon ak kote yo fèmen moun.
 - Otorite imigrasyon yo ka fè antant ak polis lokal ak polis eta yo pou yo rete nan prizon ak kote yo fèmen moun pou idantifye moun ki pa sitwayen ameriken.
- Evite zòn piblik ki danjere oswa kote moun nan zòn nan konnen kòm yon kote moun ki pa sitwayen Ameriken rasanble.
 - Li pi fasil pou lapolis arete w si w nan yon zòn piblik, konpare ak lè w nan yon kay.
- Enfòmè fanmi w sou dwa yo genyen.
 - Fè fanmi w, pitit ou, ak moun k ap viv lakay ou konnen dwa yo. Pataje resous **Konnen Dwa W** avè yo.
 - Sèvi ak **Sant Resous Timoun Imigran yo** ak **Sant Resous pou Jèn Refijye yo**.



BEZWEN MEDIKAL

- Si ou gen yon pwoblèm medikal, fè epi toujou mache ak yon kat ki bay detaye kondisyon medikal ou ak medikaman ak non ak dòz.
- Fè yon moun ou fè konfyans konnen kondisyon medikal ou ak sa ou bezwen pou swen medikal.
- Panse ak siyen yon fòmilè HIPAA, pou w ba yo pèmasyon pou yo jwenn aksè nan dosye medikal ou yo, pou yo pran preskripsyon yo, epi pou yo pale ak doktè w sou bezwen medikal ou yo.

PLANIFIKASYON FINANSYE

- Fè yon sitwayen ameriken ou fè konfyans oswa yon granmoun ki rezidan pèmanan legal konnen enfòmasyon sou kont labank ou oswa kote yo kenbe lajan w. Sa ap ede w asire w finans ou sou kontwòl si yo arete w oswa depòte w. Si w pa gen yon plan, ou ka gen reta nan fakti w, lwaye, ak frè lekòl yo. Pitit ou yo ak fanmi w ap bezwen lajan pou yo rete lakay yo epi achte manje.
- Ou ka bay moun ou fè konfyans nan yon manda legal espesyal ekri, pou yo ka pran desizyon finansye pou ou. Sa pèmèt yo peye fakti, depoze chèk, epi peye kosyon w.
- Asire w pitit ou yo ak fanmi w gen yon lajan pou lè gen ijans.



GADRI

- Mande yon sitwayen ameriken ou fè konfyans oswa yon granmoun ki rezidan pèmanan legal pou l vin responsab pitit ou si yo arete w oswa depòte w. Asire w ou gen dokiman ki note desizyon sa a. Chak eta gen diferan lwa sou responsab legal oswa pouvwa pwokirasyon, ki ka mande pou ranpli ak biwo leta a oswa tribinal fanmi an.
- Bay moun ou fè konfyans enfòmasyon sou lekòl pitit ou yo, kondisyon medikal yo, ak lòt nimewo kontak pou ijans.
- Pataje plan an ak pitit ou yo. Asire w yo gen nimewo ijans epi konnen ki moun pou yo kontakte.

KENBE DOSYE YO AN SEKIRITE

- Nan yon kote ki an sekirite, kenbe tout kopi orijinal papyè imigrasyon w yo, tankou viza, aplikasyon, resi, avi, paspò, ak otorizasyon travay.
- Kenbe yon kopi sou telefòn ou.
- Si w gen yon dosye imigrasyon ki ann atant, tankou azil, prepare epi mete ajou prèw ou yo.
- Kenbe tout kopi orijinal sitasyon trafik yo, tikè trafik yo, resi peman yo, dokiman tribinal yo, ak dosye kriminel yo. Si w pa genyen yo, mande yo nan konte, eta, oswa tribinal la.
- Fè fanmi w, avoka w ak lòt moun ou fè konfyans yo konnen ki kote dosye sa yo ye.



ASISTANS LEGAL

- Memorize oswa kenbe yon kopi nimewo telefòn ak imel avoka w la.
- Si w pa gen yon avoka, memorize oswa kenbe yon kopi nimewo telefòn yon kabinè avoka oswa èd legal òganizasyon benevòl.
- Pataje enfòmasyon sa yo ak pitit ou, fanmi w, ak lòt moun ou fè konfyans.
- Gen yon lis nimewo telefòn ak adrès sant detansyon imigrasyon, komisarya, prizon, ak kote yo fèmen moun ki pi pre yo. Pataje lis sa a ak kontak ou fè konfyans ak fanmi ou.